

COVID-19 ak Iminite Kolektif



Kisa Iminite Kolektif la Ye?

Iminite kolektif se lè yon majorite pati nan popilasyon an vin iminize fas ak yon maladi, sa ki vin rann ke gen mwens chans pou pwopagasyon maladi a fèt de moun ak moun. Akòz maladi a pa ka pwopaje, tout popilasyon an vin pwoteje—pa sèlman sa ki iminize yo.

Kijan pou Atenn Iminite Kolektif la?

Gen de (2) mwayen posib pou jwenn iminite kolektif kont COVID-19 la—vaksen ak enfeksyon. Vaksinasyon kont COVID-19 la se yon apwòch ideyal pou jwenn iminite kolektif la. Tout vaksen kont COVID-19 ki disponib aktyèlman nan Etazini yo, pwouve ke yo vrèman efikas pou fè prevansyon kont maladi ki grav ke COVID-19 la ka lakoz e yo se yon zouti enpòtan pou ede fini ak pandemi an.


Trape COVID-19 la ka ofri kèk pwoteksyon natirèl. Prè aktyèl yo sijere ke reyenfeksyon ak viris ki bay COVID-19 la pa rive souvan nan 90 jou apre premye enfeksyon an. Toutfwa, ekspè yo pa konnen avèk sètitud konbyen tan pwoteksyon sa a dire, e ris maladi grav ak lanmò akòz COVID-19 la depase lonta tout avantaj pwoteksyon natirèl la.

Kilè Nou ka Atenn Iminite Kolektif la?

Pousantaj moun ki dwe vaksinen pou nou atenn iminite kolektif la varye selon maladi a. Pa egzanp, iminite kolektif kont lawoujòl, ki se yon maladi ki pwopaje byen fasil de moun ak moun, mande pou se anviwon 95% yon popilasyon ki dwe vaksinen; pou polyo, to vaksinasyon an se anviwon 80%.

Pou atenn iminite kolektif kont COVID-19 la san danje, yon kantite rezonab nan yon popilasyon dwe vaksinen pou redwi pwopagasyon viris la nan tout popilasyon an annantye. Nan moman sa a, yo poko konnen ki kantite moun egzak nan popilasyon an ki dwe vaksinen kont COVID-19 la pou atenn iminite kolektif la.

Si gen ase moun ki iminize kont COVID-19 la gras ak vaksen oswa iminite natirèl, viris la gen mwens chans pou li pwopaje.



COVID-19 ak Iminite Kolektif




Iminite Kolektif ak Plan Vaksinasyon kont COVID-19 Maryland lan

Maryland ap distribiye vaksen yo bay rezidan Maryland yo baze sou ris ki lye ak ekspozisyon oswa devlopman yon maladi grav.

Moun ki te nan gwoup priyorite anvan yo pral jwenn priyorite pou yo pran vaksen.

Pou fè yon randevou pou vaksinasyon, tanpri ale sou sit covidvax.maryland.gov, ki se kote santralize a pou jwenn founisè nan zòn kote w ye a, oswa rele sant sipò vaksinasyon COVID-19 nan eta w la nan 1-855-MD-GOVAX (1-855-634-6829).

NOU NAN FAZ 3: TOUT REZIDAN MARYLAND KI GEN LAJ 16 LANE OSWA PLIS ELIJIB POU PRAN VAKSEN AN



Kijan Nou Ka Ralanti Pwopagasyon COVID-19 la?

Li enpòtan pou tout moun kontinye itilize **tout zouti** ki disponib pou ofri meye pwoteksyon ki pou anpeche yo pran epi pwopaje COVID-19 la.

- Al fè tès–vizite covidtest.maryland.gov pou w jwenn yon kote ki fè tès ki tou pre w la
- Mete yon mask ki kouvri nen w ak bouch ou
- Lave men w souvan
- Evite gwo rasanbleman moun
- Pratike distans sosyal an piblik–konsève yon distans sis pye (2 mètr) ant oumenm ak lòt moun yo
- Ale vaksinen lè w elijib pou w pran vaksen an

Pou w jwenn plis resous pou vaksinasyon kont COVID-19 la, ki enkli fich teknik ak Kesyon Moun Abitye Poze (FAQ yo), vizite covidLINK.maryland.gov.

  @MDHealthDept